

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data dina bab IV hasil ieu panalungtikan bisa dicindekkeun ieu di handap.

- 1) Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung saméméh ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)* kaasup kana katégori can mampuh, rata-rata 51,81. Tina jumlah siswa 32 urang siswa, Ieu hal luyu jeung KKM, siswa anu peunteunna <75 dianggap can mampuh ngaregepkeun dongéng, sedengkeun siswa anu peunteunna ≥ 75 dianggap mampuh ngaregepkeun dongéng. Tina hasil *pretest* siswa anu peunteunna ngahontal KKM aya 2 urang siswa, sésana 30 urang siswa anu peunteunna teu ngahontal KKM.
- 2) Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung sabada ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)* siswa kaasup kana katégori mampuh, rata-rata 83,25. Tina 32 urang siswa, ieu hal luyu jeung KKM, siswa anu peunteunna <75 dianggap can mampuh ngaregepkeun dongéng, sedengkeun siswa anu peunteunna ≥ 75 dianggap mampuh ngaregepkeun dongéng. Tina hasil *posttest* siswa anu peunteunna ngahontal KKM aya 30 urang siswa, sésana 2 urang siswa anu peunteunna teu ngahontal KKM. Ieu di handap baris dijéntrékeun hasil *posttest* siswa dumasar kana aspék anu dipeunteun dina ngaregepkeun dongéng.
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*. Katitén tina hasil uji hipotésis data *pretest* jeung *posttest*. Ku kituna, hipotésis hiji (H_1) ditarima nyaéta aya béda anu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung taun ajar 2018/2019 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*.

5.2 Implikasi

Modél *Numbered Heads Together (NHT)* digunakeun pikeun ngaronjatkeun dina panajaran ngaregepkeun dongéng. Ieu modél pangajaran téh matak ngirut sarta teu bosen ka siswa nalika ngaregepkeun dongéng. Modél *Numbered Heads Together (NHT)* bisa nyieun siswa aktif, jeung percaya diri dina nyaritakeun dongéng ngagunakeun basa sorangan, sarta siswa bisa maham eusi sarta unsur-unsur dongéng tina 9 dongéng anu diregepkeunna. Kitu ogé, modél *Numbered Heads Together (NHT)* bisa ngalatih kamampuh ngaregepkeun siswa jeung kamampuh siswa dina nyarita.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur ieu di handap aya sababaraha rékoméndasi.

- 1) Modél *Numbered Heads Together* bisa ngaronjatkeun dina pangajaran ngaregepkeun dongéng, ku kituna, modél *Numbered Heads Together (NHT)* bisa dijadikeun salah sahiji modél alternatif pikeun guru dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.
- 2) Dina panalungtikan ngaregepkeun dongéng ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)* aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, di antarana nyaéta:
 - a) kudu maham kana oriéntasi jeung léngkah-léngkah modél *Numbered Heads Together (NHT)*;
 - b) ngararancang pangajaran kalayan asak jeung bener;
 - c) kudu bisa nyiptakeun suasana kelas nyaman sangkan ngirut perhatian siswa; sarta
 - d) kudu bisa ngondisikeun waktu.
- 3) Dipiharep ayana panalungtikan modél *Numbered Heads Together (NHT)* dina pangajaran séjénna sangkan bisa leuwih ngabuktikeun kaéfektifan modél *Numbered Heads Together (NHT)*.